

WE ARE YOUR DOL

NEW
YORK
STATE

Department
of Labor

SISTÈM ECHANJ DONE ETA A POU ASIRANS CHOMAJ (SIDES)

KISA SIDES YE?

SIDES, Sistèm Echanj Enfòmasyon Eta a sou Asirans Chomaj, se yon sistèm ki baze sou entènèt ki pèmèt Depatman Travay ak anplwayè yo kominike dirèkteman e avèk efikasite lè yon moun depoze yon nouvo reklamasyon Asirans Chomaj. Sistèm nan transmèt kesyon ki soti nan Depatman Travay la konsènan nouvo reklamasyon Asirans Chomaj ansyen anplwaye dirèkteman ba ou, pou ou ka reponn byen vit epi nou ka trete reklamasyon san pèdi tan pandan y ap pwoteje kont fwod nan sistèm lan. Kreye an kolaborasyon avèk Asosyasyon Nasyonal Ajans Travay Eta a, SIDES ap ede ou oswa reprezantan ou (pa egzanp, yon administratè tyès pati) reponn kesyon sou reklamasyon fasil, avèk presizyon epi nan yon tan apwopriye.

SIDES GEN DE ASPÈ LADAN L

- 1. Sistèm Repons Elektwonik SIDES pou Biznis:**
Pou anplwayè ki gen ti kantite anplwaye e okenn reprezantan (pa egzanp, yon ajan pewòl), Sistèm SIDES E-Reponse lan bay yon fason fasil pou ou pou w reponn elektwonikman a kesyon nou yo ak demann yo.
- 2. SIDES pou Administratè Ki Pa nan Konpayi a ak Gwo Konpayi:** Pou pi gwo konpayi yo, SIDES bay yon pataj done ki pi otomatik ak efikas ak suivi dosye ant ou menm, Administratè ki pa nan konpayi a, ak rezo ajans leta a pase sistèm ki gen nan moman an. Lefètke sistèm òdinatè yo "kominike" antre yo, SIDES bay mwayen ki pi fyab e ki pi efikas pou jere gwo kantite enfòmasyon tranzaksyon pou Asirans Chomaj..

KÒMAN SIDES EDE M?

Lè yon travayè vin pap travay e aplike pou benefis Asirans Chomaj Depatman Travay kontakte anplwayè ansyen yo pou chèche konnen poukisa travayè a te kite oswa pèdi travay li. Nou konte sou konpayi yo pou yo ban nou enfòmasyon sa a pou nou ka itilize l, ansanm ak enfòmasyon travayè a bay, pou gade si travayè a gen dwa resevwa avantaj sa yo.

Youn nan kòz prensipal pèman iregilye yo de Asirans Chomaj a travayè yo se yon mank enfòmasyon egzat sou rezon ki fè yon travayè kite oswa pèdi travay li oswa li. Nan lòd pou anpeche pèman iregilye benefis, nou bezwen konpayi you reponn a demann nou yo avèk presizyon, ak nan yon tan apwopriye. Lè w fè sa, ou ede nou pwoteje biznis ou ak anpeche nenpòt magouy ki ka fèt.

SIDES gen anpil avantaj pou ou:

- Li gratis pou w itilize
- Li ofri yon sèl fòm nasyonal pou demann enfòmasyon yo
- Done chèk garanti echanj enfòmasyon konplè e valab
- Ou resevwa demann pou enfòmasyon pi vit, ki vle di ou ka reponn pi vit
- Ou resevwa yon resi kòm prèv yo te trete repons ou a
- Li ofri yon sèl pwen kontak pou kesyon ak repons
- Yo bezwen mwen apèl telefonik suivi ak mwens korespondans
- Li diminye depans ou ak jenere mwens papye
- Li amelyore deteksyon magouy

An gwo, SIDES ede ou reponn kesyon nou yo de separasyon ou ak ansyen anplwaye rapid e konplètman. Sa ap anpeche pèman yo ale nan men moun ki pa merite yo, pandan y ap konsève entegrite nan Fon Asirans Chomaj ak kont anplwayè ou. Prevansyon fwod finalman sove lajan anplwayè.

KIJAN POU M ENSKRI POU REPONS ELEKTWONIK POU BIZNIS?

Enskri nan SIDES E-Response fasil. Gen de etap sèlman:

1. Si ou pa gen yon kont Asirans Chomaj sou entènèt, ale sou [www.labor.ny.gov/ui/ Authentication/index.shtm](http://www.labor.ny.gov/ui/Authentication/index.shtm).

Si ou gen yon kont Depatman Taksasyon ak Finans Sèvis sou Entènèt, ou ka amelyore kont sa a lè suiv enstriksyon ki sou sit entènèt nou an www.labor.ny.gov/ui/Authentication/index.shtm sou kouman yo itilize kont sa a pou Sèvis Asirans Chomaj sou entènèt. Remake byen ke kont Sèvis sou entènèt nou an ba ou lòt benefis, ki gen ladan aksè nan enfòmasyon kont Asirans Chomaj ou, kapasite pou w ranpli chak trimès retounen sou entènèt, yon fason ki an sekirite pou kominike avèk Depatman Travay la ak plis ankò.

2. Rele **1-888-899-8810**. Yon reprezantan pral revize kont ou epi enskri ou nan SIDES.

KIJAN REPONS ELEKTWONIK SIDES POU BIZNIS LA AP METE M OKOURAN SOU YON DEMANN? KIJAN POU M REPONN?

Chak fwa yon ansyen anplwaye aplike pou benefis asirans chomaj, ou pral resevwa yon mesaj elektwonik SIDES sou kont Sèvis Entènèt Asirans Chomaj ou an. Yon imèl separe ap voye sou kont e-mail ou pou fè w konnen ke ou gen yon mesaj ijans an atant.

Monte sou kont ou epi tcheke mesaj ou. Mesaj la ap gen yon lyen, yon PIN ak enstriksyon sou ki jan ak ki lè pou reponn a demann lan. Klike sou lyen an, siyen nan sistèm SIDES lan epi reponn kòm sadwa.

KI JAN POU W ENSKRI NAN SIDES POU ADMINISTRATÈ KI PA ANNDAN KONPAYI A AK GWO KONPAYI?

Gwo Konpayi ak Administratè Ki Pa Fè Pati Konpayi a ka jwenn plis enfòmasyon sou devlope yon koòdone SIDES e enskri lè wap kontakte:

ASOSYASYON NASYONAL AJANS MENDEW ETA (NASWA)

sit entènèt: uisides@naswa.org

Pou plis enfòmasyon sou Repons Elektwonik SIDES pou Biznis la ak SIDES pou Administratè Ki pa Anndan Konpayi an ak Gwo Konpayi, ale sou sit entènèt nou an sou:

www.labor.ny.gov/go/SIDES.